**दिन—गुरूवार** **दिनांक—07.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अगुआइबला मंत्रिमंडलक आई विस्तार कयल गेल। पटनाक गांधी मैदान मे आयोजित भव्य समारोह मे राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत्त सैय्यद अता हसनैन बत्तीस मनोनीत मंत्री सभ कँ पद आ गोपनीयताक शपथ दिऔलनि। भाजपा कोटा सं पन्द्रह, जदयू सं तेरह, लोक जनशक्ति पार्टी—रामविलास सं दू आ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चा सं एक—एक सदस्य मंत्री पदक शपथ लेलनि। पटनाक गांधी मैदान मे भेल शपथ ग्रहण समारोह मे मंत्री सभ पहिने पांच—पांच आ फेर छओ—छओक समूह मे शपथ लेलनि। जदयू सं श्रवण कुमार, अशोक चौधरी, लेसी सिंह, मदन सहनी, सुनील कुमार, रत्नेश सदा, जमा खान, श्रीभगवान सिंह कुशवाहा, दामोदर राउत आ शीला मंडल मंत्री पदक शपथ लेलनि। ओतहि, जदयू सं नव चेहराक रूप मे पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमार, शैलेश कुमार उर्फ बुलो मंडल आ श्वेता गुप्ता कँ पहिल बेर मंत्रिमंडल मे लेल गेल अछि।

---

भाजपा सं शपथ लेनिहार मे विजय कुमार सिन्हा, दिलीप जायसवाल, रामकृपाल यादव, नीतीश मिश्रा, रमा निषाद, प्रमोद कुमार चंद्रवंशी, लखेन्द्र पासवान, अरूण शंकर प्रसाद, संजय सिंह टाईगर, केदार प्रसाद गुप्ता आ श्रेयसी सिंह छथि। भाजपा सं नव चेहराक रूप मे नंद किशोर राम, मिथिलेश तिवारी, कुमार शैलेन्द्र आ रामचंद्र प्रसाद मंत्रिमंडल मे लेल गेलाह अछि। लोक जनशक्ति पार्टी—रामविलास सं संजय पासवान आ संजय सिंह, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सं संतोष कुमार सुमन आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा सं दीपक प्रकाश मंत्री पदक शपथ लेलनि। शपथ लेनिहार मे अट्ठाईस विधायक आ चारि विधान पार्षद छथि। ओहि ठाम, दू मंत्री निशांत कुमार आ दीपक प्रकाश अखन कोनो सदनक सदस्य नहि छथि। ध्यातव्य अछि जे राज्य मे पंद्रह अप्रैल कँ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे नव सरकारक गठन भेल छल। एहि दिन जदयू सं विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव कैबिनेट मंत्रीक रूप मे शपथ लेने छलाह, जिनका उपमुख्यमंत्रीक दर्जा देल गेल छल।

---

शपथ ग्रहण समारोह मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह, अमित शाह, जे.पी. नड्डा, गिरिराज सिंह, राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह, चिराग पासवान, जीतन राम मांझी, सतीश चंद्र दुबे आ राजभूषण चौधरी निषाद छलाह। संगहि भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन, जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार, राष्ट्रीय लोक मोर्चा अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा, जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा आ बिहार भाजपा प्रभारी विनोद तावड़े सहित एनडीएक कतेको वरिष्ठ नेता सभ शपथ ग्रहण समारोहक साक्षी बनलाह। समारोह मे भारी संख्या मे एनडीए गठबंधन दलक नेता आ कार्यकर्ता सभ छलाह। महिला सभक निक उपस्थिति देखल गेल।

---

सम्राट चौधरी मंत्रिमंडल मे पांच महिला मंत्री कँ जगह देल गेल अछि। एहि मे भाजपा सं जमुई विधायक श्रेयसी सिंह आ मुजफ्फरपुरक औराई सं विधायक रमा निषाद छथि। ओतहि, जदयू कोटा सँ पूर्णियाक धमदाहा सं विधायक लेसी सिंह, मधुबनिक फुलपरास सं विधायक शीला कुमारी आ शिवहर सं विधायक श्वेता गुप्ता कँ कैबिनेट मे लेल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पटना हवाई अड्डा सं शपथ ग्रहण समारोह स्थल गांधी मैदान धरि रोड–शो कयलनि। एहि बिच सड़कक दुनू कात उत्साहित लोकक भीड़ प्रधानमंत्रीक जोरदार स्वागत कयलक। श्री मोदी हाथ हिला कऽ लोकक अभिवादन स्वीकार कयलनि। एहि बीच विभिन्न सांस्कृतिक आ सामाजिक संगठनक दिस सं फराक–फराक ठाम पारंपरिक नृत्य आ गित गाओल गेल।

---

आई ऑपरेशन सिंदूरक एक बरख पूरा भऽ गेल अछि। आतंकवादक विरुद्ध भारतक निर्णायक कारवाईक रूप मे याद कयल जायबला एहि अभियान सऽ देशक सुरक्षा नीति आ सैन्य रणनीति के नव दिशा भेटल छल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आ उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन ऑपरेशन सिंदूर मे सशस्त्र बलक शौर्यक प्रशंसा कयलनि अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ऑपरेशन सिंदूरक पहिल वर्षगाँठ पर सशस्त्र बलक शौर्य कँ नमन कयलनि अछि। ओ आतंकवाद आ एहि के बढ़ावा देवयबला तंत्र के नष्ट करबाक राष्ट्रक प्रतिबद्धता के दोहरौलनि।

---

पश्चिमी विक्षोभक असरि सं राज्यक कतेको भाग मे अन्हरि– बिहारि आओर बरखाक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग आई सेहो पश्चिम चम्पारण, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, अररिया, किशनगंज, कटिहार आ बांका सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग मे तेज हवाक संग बरखा कँ लय कऽ चेतावनी जारी कयलक अछि। ओतहि, पिछला चौबीस घंटाक बीच पटना जिला मे पचासी किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं अन्हरि–बिहारिक संग बरखा भेल। एहि बिच पूर्वी चम्पारणक तेतरिया मे सब सं बेसी उनसठ दशमलव दू मिलीमीटर, सीवानक महाराजगंज मे चौवन दशमलव दू आ समस्तीपुरक पूसा मे बावन दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा भेल अछि।

---

समाप्त